



Materyèl sa a te pwodwi anba Nimewo Sibvansyon SH-39124-SH2
nan Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay, Depatman
Travay Etazini. Li pa reflete opinyon oswa politik Depatman Travay
Ameriken an, ni mansyone non komès, pwodwi komèsyal, oswa
òganizasyon. Gouvènman Ameriken an pa okouran de sa ki di nan
dokiman an.



REG POU KENBE YON GWO JADEN PWOP



Pou koute
enfòmasyon sa yo
sou video, tanpri
eskane kòd QR sa
a ak kamera
telefòn ou.



Farmworker Justice
Justicia Campesina

www.farmworkerjustice.org

Desanm 2023



Kondisyon Règ Federal la

Anplwayè ki genyen 11 anplwaye oswa plis nan yon gwo jaden gen obligasyon dapre règ sa a pou bay:

Dlo pou bwè

- Dwe aksesib pou travayè yo epi nan 0.4 kilomèt (400 mèt) de kote yo travay.
- Dwe byen glase epi dwe gen ase pou tout moun kapab bwè.
- Dwe genyen yon kantite kèp pou dlo (sa moun kapab jete. Sa vle di moun ap itilize yo yon sèl fwa).
- Veso yo dwe byen kouvri, pwòp, epi ranpli nenpòt lè sa nesesè.

Kondisyon Règ Federal lae

Twalèt

- Aksesib pou travayè yo ak nan yon 0.4 kilomèt (400 mèt) de kote yo travay.
- Yon twalèt pou chak 20 anplwaye.
- Byen pwòp.
- Jete dlo sal yo pou pa deranje sante moun.
- Gen bon jan van epi bay moun espas prive yo (pòt la dwe byen fèmen).
- Fòk pòt yo kapab fèmen lè ou andedan e kapab ouvè lè ou ap sòti.

Enstalasyon pou lave men yo

- Aksesib epi tou pre twalèt yo.
- Dwe gen ase dlo potab.
- Savon ak sèvyèt jetab.

**Gen lòt eta ki tabli règ ki bay
plis pwoteksyon.**